



East Ramapo Central School District

105 South Madison Avenue, Spring Valley, NY 10977

A Unified Community Educating the Whole Child ...

Dr. Deborah L. Wortham
Superintendent of Schools
845-577.6011

Harry Grossman
President, Board of Education

Sabrina Charles-Pierre
Vice-President

Mark Berkowitz
Joel Freilich
Ashley Leveille
Yoel T. Trieger
Ephraim Weissmandl
Yehuda Weissmandl

4 Mas 2020

Chè Lekòl Kominotè East Ramapo Central School District,

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) te pibliye yon avètisman pou atann yon kantite ka 2019 Novel Coronavirus lan nan Etazini, di li rete pa klè kijan grav menas sante a pral ye - men, yon transmisyon soutni de viris la posib. Pa konsekan, ofisyèl sante federal ak eta yo te konseye lekòl yo, gouvènman yo, biznis yo ak kominote yo pou prepare yo pou kèk gwo epidemi.

East Ramapo Central School District rete an kontak ak Depatman Sante Konte Rockland, Depatman Sante Eta New York ak Depatman Edikasyon Eta New York, epi yo pral kontinye kontwole sitiwayon an pou asire ke plan yo an plas ak pwotokòl yo swiv pou kenbe tout elèv yo ak manm pèsònèl la an sekirite epi mete ajou tout dènnye enfòmasyon yo.

Kòm yon pati nan efò East Ramapo Central School District pou asire kanpis ak fasilite yo rete san danje epi an sante, ajans nou an ki resevwa fòmasyon pwofesyonèl enfimiyè ki regilyèman kontwole moun ki genyen lafyèv, tous ak souf kout, epi yo pral swiv evalyasyon apwopriye ak pwotokòl siveyans pou elèv yo ak anplwaye ki rapòte ke yo santi yo malad.


Pandan ke East Ramapo Central School District ak CDC kontinye pou kontwole seryezman pwopagasyon Coronavirus, nou ankouraje elèv yo ak anplwaye yo pou pran mezi de baz ijyèn yo pou men y oak jan yo ap touse pou anpeche rim, grip ak Coronavirus.

Pi bon fason pou anpeche enfeksyon se evite ekspozè a yon viris. CDC rekòmande mezi prevansyon chak jou pou ede anpeche pwopagasyon viris respiratwa, tankou:

- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Si dlo ak savon pa disponib, sèvi ak yon dezenfektan ki gen alkòl ki gen omwen 60 pousan alkòl.
- Evite manyen zye ou, nen w ak bouch ou avèk men ki pa lave.
- Evite kontak sere avèk moun ki malad.
- Rete lakay ou lè ou malad epi rete lakay ou jouk ou pa gen lafyèv pandan 24 èdtan **san w pa pran medikaman pou lafyèv.**
- Kouvri touse ou oswa etènne ak yon tisi, epi jete tisi a nan fatra a.
- Netwaye epi dezenfekte objè ak sifas moun manyen yo souvan.

East Ramapo Central School District, ansanm ak distri lekòl vwazen nou yo, ap kontinye swiv pwotokòl ak konsèy nan men ajans lokal, eta a ak federal, kòm sante ak sekirite elèv nou yo ak anplwaye se toujou pi gwo priyorite nou. Nou kwè nan efò inifye sa a toupatou nan Konte Rockland pral pi byen sèvi kominote nou an ak enfòmasyon egzat, apwopriye ak konsistan.

<https://www.youtube.com/watch?v=0mUrdZGSdAE>

Dr. Deborah L. Wortham

Superintendent of Schools

As a unified community, the East Ramapo Central School District is committed to educating the whole child by providing a healthy, safe, supportive, engaging and challenging learning environment.